

## Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan Dosye Istwa Kriminèl

### Kijan pou mwen jwenn yon kopi istwa kriminèl mwen nan Eta New York?

Règleman Eta New York pèmèt yon moun resevwa yon kopi enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl li yo kenbe nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) oswa yon repons "pa gen dosye" ki endike li pa gen enfòmasyon nan dosye istwa kriminèl li nan dosye ki nan ajans lan. Yon avoka ka mande enfòmasyon sa yo tou sou non kliyan li.

Pwosesis sa a rele yon Revizyon Dosye Pèsònèl (Personal Record Review). Moun **pa kapab** mande yon Revizyon Dosye Pèsònèl pou yon lòt moun pou yo kapab detèmine si moun sa a gen yon istwa kriminèl.

Gen de (2) kalite repons pou Revizyon Dosye Pèsònèl:

**Revizyon Dosye Pèsònèl – Ki pa Siprime:** Repons sa a gen ladan **tout** enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl ki siprime oswa sele anba Lwa sou Pwosedi Kriminèl (Criminal Procedure Law, CPL), tankou:

- CPL 160.50 afè ki anile
- CPL 160.55 vyolasyon ki kalifye/kondanasyon pou vyolasyon règ
- CPL 160.58 kondanasyon pou abi alkòl/dwòg ak kondanasyon asosye
- CPL 720.35 desizyon tribinal kont delenkan jèn yo

**Revizyon Dosye Pèsònèl – Ki Siprime:** Repons sa a **pa** gen ladan enfòmasyon ki sele oswa ki siprime, jan sa detaye anwo a.

### Enfòmasyon ki Obligatwa pou yon Revizyon Dosye Pèsònèl

Yon moun oswa avoka li dwe chwazi pou resevwa swa yon repons pou Revizyon Dosye Pèsònèl ki pa siprime oswa ki siprime. Si moun nan bezwen toulède repons yo, li dwe soumèt yon demann apa pou chak repons.

Moun ki kwè yo gen enfòmasyon nan dosye istwa kriminèl yo ki anba plis pase yon non dwe mete non (yo) kòm ti non jwèt nan aplikasyon Revizyon Dosye Pèsònèl la ak nan kat anprend dijital la. Enfòmasyon sa yo ap ede DCJS jwenn lòt dosye ki sele yo.

Yon moun kapab itilize rapò sou enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl li, ki rele yon "kazyé jidisyè": tou, oswa repons "pa gen dosye" li pou nenpòt rezon pèsònèl.

Men, yon moun **pa ka** itilize enfòmasyon sa yo pou jwenn yon djòb oswa lisans si lalwa egzije li pou li fè yon verifikasyon dosye kriminèl ki baze sou anprend dijital pou djòb la oswa pou lisans lan. Gen yon metòd apa moun yo dwe swiv si verifikasyon dosye kriminèl ki baze sou anprend dijital obligatwa pou yon djòb oswa pou yon lisans; gade seksyon Aksè nan Enfòmasyon ki nan Istwa Kriminèl.

Lwa Travay (Labor Law) Eta New York entèdi patwon yo pou yo egzije moun pou fè anprend dijital yo kòm yon kondisyon pou yo jwenn oswa kontinye yon djòb, sof lalwa egzije yo pou fè sa. Seksyon sa a pa aplike pou:

- Anplwaye leta oswa anplwaye depatman minisipal yo;
- Anplwaye lopital ki anrejistre legalman, ak anplwaye kolèj medikal ki asosye avèk lopital sa yo;
- Anplwaye lopital prive ki gen non komèsyal.

Lwa Travay Eta New York egzije pou chak patwon dwe afiche, nan yon kote ki gen aksè fasil pou anplwaye li yo, tou yon kopi Atik 23-A Lwa Koreksyon, ki konsène lisans ak travay moun lajistik te kondane pou krim.

#### Pou Mande yon Revizyon Dosye pandan W ap viv nan Eta New York

1. Pou pran yon randevou pou fè anprent dijital, kontakte MorphoTrust USA depi ou rele nimewo 1- 877-472-6915 (gratis) oswa depi ou ale sou sitwèb li: [www.Identogo.com](http://www.Identogo.com). Eta New York fè yon kontra avèk MorphoTrust USA pou bay sèvis sa a.
2. Ou dwe bay enfòmasyon ki endike anba la yo lè w ap rele pou pran yon randevou:
  - a. Nimewo ORI Revizyon Dosye a: NYDCJSPRY
  - b. Kalite Revizyon Dosye Pèsonèl la: Ki Siprime oswa ki Pa Siprime
  - c. Si n ap voye repons lan ba yon avoka alaplas moun ki fè demann lan
3. Moun yo dwe bay enfòmasyon ki endike anba la lè yo rive pou randevou pou yo fè anprent dijital la:
  - a. De (2) fòm idantifikasiyon (enfòmasyon sou fòm ki akseptab yo disponib sou sitwèb MorphoTrust USA oswa nan Sant Sèvis Kliyantèl MorphoTrust USA);

#### **EPI**

- b. Peye pou sèvis anprent dijital la: \$59.95 dola avèk lajan kach, kat kredi oswa chèk pèsonèl oswa chèk biznis, chèk sètifye, chèk labank oswa chèk postal (money order) ki ekri sou non “MorphoTrust USA.”

#### Apre Ou Soumèt yon Demann

Moun yo ka verifye si yo te soumèt tranzaksyon anprent dijital yo ba DCJS depi yo kontakte MorphoTrust USA nan nimewo 1-877-472-6915 (gratis).

DCJS ap voye repons sou Revizyon Dosye Pèsonèl nan sèvis lapòs Etazini nan sèt (7) a 10 jou ouvrab apre yo resevwa anprent dijital yon moun. Ou pa kapab vini nan DCJS pou pran repons yo.

Repons lan ka gen ladan enfòmasyon ki nan istwa kriminèl, enfòmasyon sivil lè ou soumèt anprent dijital yo dapre lalwa pou travay oswa pou resevwa lisans, oswa “pa gen repons,” ki endike pa gen istwa kriminèl nan dosye ki nan DCJS. Sa ki endike nan repons lan tou se yon fòm ki eksplike kijan pou konteste presizyon nenpòt enfòmasyon yo rapòte.

#### Pou Mande yon Revizyon Dosye pandan W ap viv Deyò Eta New York

1. Kontakte Inite Revizyon Dosye DCJS pou mande yon blòk dokiman aplikasyon pou Revizyon Dosye deyò eta a depi nan:

- a. **Adrès Imèl:** RecordReview@dcjs.ny.gov. Tanpri bay dènye adres postal ou okonplè, tankou adres ou deyò Etazini, pou jwenn blòk dokiman aplikasyon an. Nou pa kapab voye blòk dokiman an nan adres imèl.

## OSWA

- b. **Pa Lapòs:**

Record Review Unit  
Office of Criminal Justice Operations  
New York State Division of Criminal Justice Services  
Alfred E. Smith Building  
80 South Swan St.  
Albany, New York 12210

2. Ranpli fòm aplikasyon “Demann Sèvis Anprend Dijital MorphoTrust USA Cardscan – Pwogram Revizyon Dosye Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York” epi chwazi kalite Revizyon Dosye Pèsonèl: Ki Siprime oswa ki Pa Siprime.
3. Jwenn anprend dijital yo nan kat anprend dijital ki nan anvlop la epi mete enfòmasyon demografik yo sou kat la. **Tanpri itilize sèlman kat nou bay la epi pa plwaye li.** Si li posib, ranpli fòm otorizasyon ki sou aplikasyon an pou nou kapab voye repons Revizyon Dosye a ba yon avoka pa lapòs.
4. Voye fòm aplikasyon ou ak kat anprend dijital ou ranpli a, ansanm avèk frè \$59.95 dola, ou kapab peye avèk kat kredi oswa chèk pèsonèl oswa chèk biznis, chèk sètifye, chèk labank oswa chèk postal ki ekri sou non “MorphoTrust USA,” nan adres ki endike anba la a:

MorphoTrust USA  
New York Card Scan Department  
3051 Hollis Drive, Suite 310  
Springfield, IL 62704

### Apre Ou Soumèt yon Demann

Moun yo ka verifye si yo te soumèt tranzaksyon anprend dijital yo ba DCJS depi yo kontakte MorphoTrust USA nan nimewo sa a pou yo rele gratis: 1-877-472-6915.

DCJS ap voye repons sou Revizyon Dosye Pèsonèl nan sèvis lapòs Etazini nan sèt (7) a 10 jou ouvrab apre yo resevwa anprend dijital yon moun. Ou pa kapab vini nan DCJS pou pran repons yo.

Repons lan ka gen ladan enfòmasyon ki nan istwa kriminèl, enfòmasyon sivil lè ou soumèt anprend dijital yo dapre lalwa pou travay oswa pou resevwa lisans, oswa “pa gen repons,” ki endike pa gen istwa kriminèl nan dosye ki nan DCJS. Sa ki endike nan repons lan tou se yon fòm ki eksplike kijan pou konteste presizyon nenpòt enfòmasyon yo rapòte.

### **Èske mwen kapab mande yon egzanpsyón frè Revizyon Dosye a?**

Moun ki pa kapab peye frè pou nou fè anprend dijital la ka kontakte DCJS pou yo mande yon blòk dokiman aplikasyon pou Egzanpsyón Frè pou Revizyon Dosye nan:

**Adrès Imèl:** [RecordReview@dcis.ny.gov](mailto:RecordReview@dcis.ny.gov). Tanpri bay dènye adres postal ou okonplè, tankou adres ou deyò Etazini, pou jwenn blòk dokiman aplikasyon an. Nou pa kapab voye blòk dokiman an nan adres imèl.

## OSWA

### Pa Lapòs:

Record Review Unit  
Office of Criminal Justice Operations  
New York State Division of Criminal Justice Services  
Alfred E. Smith Building  
80 South Swan St.  
Albany, New York 12210

1. Ranpli blòk dokiman Egzanpsyon Frè pou Revizyon Dosye epi retounen li ba Inite Revizyon Dosye DCJS (adrès la endike anwo a) epi chwazi kalite Revizyon Dosye Pèsonèl la: Ki Siprime oswa ki Pa Siprime.
2. Tanpri mete sa ki anba la yo:
  - a. Fòm aplikasyon pou Egzanpsyon Frè Revizyon Dosye.
  - b. Kat anprend dijital ki ranpli a: jwenn anprend dijital yo sou kat anprend dijital ki nan anvlop la epi mete enfòmasyon demografik yo sou kat la. **Tanpri itilize sèlman kat nou bay la epi pa plwaye li.** Si li posib, ranpli fòm otorizasyon ki sou aplikasyon an pou nou kapab voye repons Revizyon Dosye a ba yon avoka pa lapòs.
  - c. Dokiman pou kore demann pou yon egzanpsyon frè tankou yon fotokopi yon kat èd piblik ki valab ak ajou; oswa yon etadkont finansye notarye ki endike resous ki disponib yo ak dènye revni ou touche, ki gen ladan yon sètifikasi oswa yon atestasyon ki endike etadkont lan vrè ak egzat.
3. Anplwaye DCJS yo ap travay sou kat anprend dijital la apre nou apwouve demann Egzanpsyon Frè pou Revizyon Dosye.

### Apre Ou Soumèt yon Demann

Apre ou voye demann Egzanpsyon Frè pou Revizyon Dosye, tanpri kite omwen sèt (7) a 10 jou pase pou jwenn repons, n ap voye ba ou nan Sèvis Lapòs Etazini.

Repons lan ka gen ladan enfòmasyon ki nan istwa kriminèl, enfòmasyon sivil lè ou soumèt anprend dijital yo dapre lalwa pou travay oswa pou resevwa lisans, oswa "pa gen repons," ki endike pa gen istwa kriminèl nan dosye ki nan DCJS. Sa ki endike nan repons lan tou se yon fòm ki eksplike kijan pou konteste presizyon nenpòt enfòmasyon yo rapòte.

### Kijan mwen kapab korije enfòmasyon nan istwa kriminèl ki pa kòrèk oswa ki pa konplè?

Se ajans jistis kriminèl yo ki bay enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl. Kèk nan ajans sa yo se depatman lapolis, tribunal yo, depatman pwobasyon yo ak Depatman Koreksyon leta ak Sipèvizyon Kominotè. Anjeneral, dosye istwa kriminèl yo rele "kazyé jidisye."

Si yon moun kwè dosye istwa kriminèl pèsonèl li ki nan DCJS manke kèk enfòmasyon oswa pa gen presizyon, moun sa a kapab itilize metòd "kontestasyon" pou li bay dokiman sipò yon fason pou nou kapab korije done ki pa kòrèk oswa ki pa konplè yo.

Inite Revizyon Dosye DCJS ki alatèt metòd kontestasyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou soumèt yon kontestasyon pou yon dosye istwa kriminèl, kontakte inite a nan:

**Adrès Imèl:** [RecordReview@dcjs.ny.gov](mailto:RecordReview@dcjs.ny.gov)

## OSWA

### Pa Lapòs:

Record Review Unit  
New York State Division of Criminal Justice Services  
Alfred E. Smith Building  
80 South Swan St.  
Albany, New York 12210

Ou dwe fè etap ki endike anba la yo pou konteste presizyon oswa totalite yon dosye istwa kriminèl ki konsène:

- **Enfòmasyon sou Arrestasyon:** Pou chanje oswa korije enfòmasyon sou arrestasyon, tankou akizasyon pou arrestasyon an, dat arrestasyon an oswa dat krim nan, moun nan dwe kontakte ajans ki te fè arrestasyon epitou li dwe mande pou ajans lan soumèt chanjman yo ba DCJS. Ajans lan dwe soumèt chanjman yo alekri pou DCJS kapab modifye enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl la.
- **Enfòmasyon sou Dispozisyon:** Pou chanje oswa korije enfòmasyon sou dispozisyon ki la deja, oswa pou modifye enfòmasyon sou dispozisyon ki pa la, moun yo dwe kontakte tribinal ki te travay sou afè a epitou yo dwe mande yon kopi sètifye dispozisyon an. Answit, moun yo dwe voye kopi sètifye dispozisyon an ba DCJS. Nou pa aksepte fotokopi sof si fotokopi yo gen yon so sèk tribinal la mete sou dokiman an.
- **Enfòmasyon sou Arrestasyon ak/oswa Kondanasyon ki Pa Sele:** Si yon moun kwè arrestasyon oswa kondanasyon li yo ta dwe sele, moun sa a dwe kontakte tribinal ki te travay sou afè a epitou li dwe mande yon lòd sètifye pou sele dosye. Answit, moun nan dwe voye lòd sètifye pou sele dosye a ba DCJS. Nou pa aksepte fotokopi sof si fotokopi yo gen yon so sèk tribinal la mete sou dokiman an.

### Tanpri Sonje:

Lwa Eta New York pa bay otorizasyon pou elimine (efase) dosye arrestasyon oswa kondanasyon adilt (ki defini kòm moun ki gen laj 16 zan oswa plis).

Sèten kondanasyon oswa yon dosye ki gen pou wè ak yon arrestasyon ki lakòz yon sispanson dosye a anfavè yon moun, tankou rejè oswa akitman, ka sele.

Sele vle di enfòmasyon yo pa endike nan yon dosye istwa kriminèl, men, gen sikonstans limite lè nou kapab divilge yon dosye ki sele.

Men kèk egzanp ki endike anba la a:

- Pou bay repons pou yon verifikasyon dosye istwa kriminèl ki baze sou anprent dijital sou yon moun ki aplike pou yon djòb ofisyel pou lapè/ofisyel lapolis;
- Pou bay repons pou yon verifikasyon sou yon moun k ap chèche resevwa yon lisans pou yon zam-pou-tire;
- Kòm yon rezulta yon lòd tribunal; epi
- Pou bay repons pou demann yon moun pou pwòp dosye istwa kriminèl li. Yon avoka kapab mande yon dosye istwa kriminèl sou non yon kliyan tou. Pou resevwa enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl ki gen enfòmasyon sele ladan, yon moun oswa avoka li dwe mande yon dosye ki pa sprime (ki pa sele).

### **Kijan pou mwen jwenn yon sètifikasi soulajman pou andikap?**

Yon tribunal oswa Depatman Koreksyon ak Sipèvizon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Eta New York ka bay yon sètifikasi soulajman. Sètifikasi a ap retire restriksyon ki anpeche moun lajistis te kondane pou eli, oswa pou apeprè yon krim, jwenn sèten kalite djòb ak/oswa jwenn sèten lisans. Moun k ap chèche jwenn yon sètifikasi soulajman dwe kontakte tribunal ki te travay sou afè yo oswa yo dwe ale sou sitwèb DOCCS nan [www.doccs.ny.gov](http://www.doccs.ny.gov) pou yo jwenn enfòmasyon sou fason pou yo aplike.

### **Kijan pou mwen jwenn yon sètifikasi bon konduit?**

Se DOCCS ki ka ba ou yon sètifikasi bon konduit. Sètifikasi sa a ap retire sèten restriksyon sou travay ak lisans yo enpoze sou moun lajistis te kondane pou de (2) krim oswa plis, epitou sètifikasi a ka bay moun nan dwa li ankò pou li travay nan fonksyon publik. Moun k ap chèche jwenn yon sètifikasi bon konduit kapab ale sou sitwèb DOCCS nan [www.doccs.ny.gov](http://www.doccs.ny.gov) pou yo jwenn enfòmasyon sou fason pou yo aplike.

### **Lajistis te kondane mwen pou yon deli oswa yon krim nan Eta New York depi plis pase 10 zan. Kijan pou mwen fè yo elimine kondanasyon an?**

Lwa Eta New York pa bay otorizasyon pou elimine (efase) dosye arrestasyon oswa kondanasyon adilt (ki defini kòm moun ki gen laj 16 zan oswa plis). Sèten kondanasyon oswa yon dosye ki gen pou wè ak yon arrestasyon ki lakòz yon sispansyon dosye a anfavè yon moun, tankou rejè oswa akitman, ka sele.

Sele vle di enfòmasyon yo pa endike nan yon dosye istwa kriminèl, men, gen sikonsans limite lè nou kapab divilge yon dosye ki sele. Men kèk egzanp ki endike anba la a:

- Pou bay repons pou yon verifikasyon dosye istwa kriminèl ki baze sou anprent dijital sou yon moun ki aplike pou yon djòb ofisyel pou lapè/ofisyel lapolis;
- Pou bay repons pou yon verifikasyon sou yon moun k ap chèche resevwa yon lisans pou yon zam-pou-tire;
- Kòm yon rezulta yon lòd tribunal; epi

- Pou bay repons pou demann yon moun pou pwòp dosye istwa kriminèl li. Yon avoka kapab mande yon dosye istwa kriminèl sou non yon kliyan tou. Pou resevwa enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl ki gen enfòmasyon sele ladan, yon moun oswa avoka li dwe mande yon dosye ki pa sprime (ki pa sele).

### **Èske yon moun kapab jwenn yon kopi enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl yon lòt moun?**

Non, se sèlman yon avoka ki kapab mande yon dosye istwa kriminèl sou non kliyan li. Avoka a dwe soumèt demann sa yo alekri.

### **Èske DCJS ap tcheke dosye kriminèl yo?**

Wi. DCJS ap verifye enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl ki baze sou anprendijital pou objektif travay ak lisans pou yon frè.

### **Kimoun ki kapab mande yon verifikasyon dosye kriminèl?**

Yon moun kapab mande enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl li oswa li kapab otorize yon avoka fè sa sou non li.

DCJS ka divilge Enfòmasyon ki nan Dosye Istwa Kriminèl yon moun sèlman ba enstitisyon ki gen otorizasyon legal pou gen aksè nan enfòmasyon yo oswa dapre yon lòd lajistik oswa dapre yon sitasyon.

Lwa Egzekitif Eta New York (New York State Executive Law) defini "ajans kalifye" yo admèt ki pou gen aksè nan enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl. Gen pèmisyon pou jwenn aksè nan enfòmasyon ki nan dosye kriminèl pou travay oswa pou lisans sèlman si gen yon lwa leta, lwa federal, oswa lwa lokal yon vilaj, yon ti vil, yon gwo vil, oswa yon konte Eta New York ki bay otorizasyon espesyal pou tcheke enfòmasyon ki nan dosye istwa kriminèl ki baze sou anprendijital.

### **Si yon ajans gen otorizasyon lalwa pou mande yon verifikasyon dosye kriminèl ki baze sou anprendijital pou yon sèten kalite aplikasyon pou djòb/lisans, ki frè yo mande pou sa?**

Frè nòmal pou DCJS travay sou yon demann verifikasyon dosye kriminèl ki baze sou anprendijital se \$75 dola.

Frè nòmal pou Biwo Federal Ankèt (Federal Bureau of Investigation, FBI) travay yon demann verifikasyon dosye kriminèl ki baze sou anprendijital se \$14.75 dola.

Ou ka gen pou peye yon frè siplemantè si yon ajans chwazi pou itilize sèvis MorphoTrust USA pou soumèt anprendijital yo ba DCJS. Moun ki aplike yo ta dwe kontakte ajans ki te voye yo nan MorphoTrust USA pou yo konnen frè yo dwe peye a.

### **Lè yon ajans soumèt yon kat anprendijital ba DCJS pou yon verifikasyon dosye istwa kriminèl, konbyen tan I ap pran pou yo voye rezulta yo ba ajans ki te mande verifikasyon an?**

Anjeneral, DCJS travay sou demann verifikasyon dosye kriminèl ki baze sou anprendijital ajans yo soumèt sou fòm elektwonik ba yo nan de (2) jou apre yo resevwa demann lan. Demann ajans yo soumèt sou papye kapab pran apeprè senk (5) jou ouvrab.